

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Sakumaha nu geus disebutkeun tiheula dina rumusan masalah yén ieu panalungtikan téh ngadéskrripsikeun interférénsi léksikal basa Indonesia kana basa Sunda jeung interférénsi ucapan (fonologis) basa Jawa kana basa Sunda dina karangan éksposisi siswa kelas VII SMPN 1 Pebayura Bekasi. Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data, dicindekkeun kieu.

- (1) Interférénsi basa Indonesia kana basa Sunda disawang tina widang léksikal kapanggih aya 106 kecap tina hasil karangan éksposisi siswa nu jumlahna aya 32 karangan. Dina nganalisis kecap, aya 25 pola nu digunakeun, nyaeta:
- 1) pola 1 : robah sagemblengna, aya 61,
  - 2) pola 2 : /-ny/ → /-na/ aya 2,
  - 3) pola 3: leungitna /k/ aya 1,
  - 4) pola 4: /e/ → /eu/ aya 1,
  - 5) pola 5: /u/ → /o/ aya 2,
  - 6) pola 6: /e-i/ → /é-é/ aya 1,
  - 7) pola 7: /e/ → /a/ aya 4,
  - 8) pola 8: /i/ → /eu/ aya 2,
  - 9) pola 9: /ai/ → /é/ aya 1,
  - 10) pola 10: /i/ → /é/ aya 3,
  - 11) pola 11: /a/ → /eu/ aya 1,
  - 12) pola 12: rarangken /ber-/ → /-um-/ aya 1,
  - 13) pola 13: /d/ → /r/ aya 1,
  - 14) pola 14: leungitna /y/ aya 2,
  - 15) pola 15: /t/ → /d/ aya 1,
  - 16) pola 16: nambahna /k/ aya 1,
  - 17) pola 17: nambahna /-an/ aya 1,
  - 18) pola 18: /pem-e-/ → /peng-i-/ aya 1,
  - 19) pola 19: /pem-/ → /peng-/ aya 1,
  - 20) pola 20: /per-a-/ → /ka-e-/ aya 1,
  - 21) pola 21: robah kecap asal aya 1,
  - 22) pola 22: leungitna /-e-h-/ → /a/ aya 1,
  - 23) pola 23: leungitna /-an/ aya 1,
  - 24) pola 24: /te/ → /ka-/ aya 1,
  - 25) pola 25: /-ga/ → /-lu/ aya 1.
- Hal éta

nuduhkeun yén siswa loba kainterférensian ku basa Indonesia waktu maké basa Sunda ragam tinulis.

- (2) Interférensi basa Jawa kana basa Sunda disawang tina widang ucapan (fonologis) kapanggih aya 16 kecap anu kinterférensian ku basa Jawa dina cara ngucapkeun kekecapan dina basa Sunda. Ku lantaran ieu, mangaruhan ogé kana cara nuliskeunana. Dina nganalisis kecap, aya 5 pola nu digunakeun, nya éta pola 1 : /eu/ → /e/ aya 12 kecap, pola 2 : /i/ → /e/ aya hiji, pola 3 : /u/ → /e/ aya hiji, pola 4 : leungitna /a/ ayahiji, pola 5 : leungitna /e/ aya hiji. Ieu hal nuduhkeun yén masarakat Bekasi hususna para siswa SMPN 1 Pebayuran Bekasi téh kaasup kana masarakat multilingual anu dilantaranan ku tempatna nu mangrupa kawasan industri, jadi loba masarakat di luar Jawa Barat nu asup ka daérah ieu sarta mangaruhan kana basa nu aya.

## 5.2 Saran-saran

Aya sababaraha saran nu patali jeung ieu panalungtikan, di antarana:

- (1) Ieu panalungtikan museur kana masalah interférensi léksikal basa Indonesia jeung basa Jawa kana basa Sunda dina karangan éksposisi siswa kelas VII SMPN 1 Pebayuran Bekasi. Dina ieu panalungtikan ogé ayana basa Jawa ngan saukur cara ngucapkeun kekecapan basa Sunda anu kainterférensian ku basa Jawa, dimana hal ieu mangaruhan kana panulisan. Ku kituna, perlu dilakukeun panalungtikan nu leuwih lega ngeunaan hal ieu, sabab ngukur interférensi téh lain tina aspek léksikal wungkul, tapi kudu gembleg boh sintaksisna, boh semantikna, boh morfologina, malah nepi ka grafologina.

- (2) Hadéna siswa bisa nempatkeun basa nu rék digunakeun. Contona di lingkungan sakola, biasana nu digunakeun téh basa Indonesia atawa ayeuna ogé geus loba nu ngagunakeun basa Sunda upama ditatar Sunda mah. Jadi, basa nu aya téh teu ka bawa kana kagiatan formal anu ahirna basa ieu téh sok jadi masalah waktu digunakeun hususna dina ragam tulisan.
- (3) Ku lantaran makéna basa Sunda ku para siswa di daearah Bekasi téh masih kénéh réa kainterférensian ku basa Indonesia jeung basa Jawa, hadéna mah diayakeun penyuluhan ka para siswa ngeunaan basa Sunda, sangkan para siswa téh leuwih loba deui kabeungharan kecapna.

